# XALIQ AWIZEKI DÓRETIWSHILIGINDE BALALAR QOSIQLARI TIPOLOGIYASI

**Berdibaeva Qundız**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*
*Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qániygeligi 1-kurs magistrantı*

## FOLKLORDAGI BOLALAR QO'SHIQLARI TIPOLOGIYASI

**Annotatsiya**: *Ushbu ishda turkiy xalqlar bolalar folklori, uning paydo bo'lish tarixi va tipologiyasiga e'tibor qaratilgan. Qoraqalpoq va o'zbek xalqlari bolalar qo'shiqlarining o'ziga xos xususiyatlari o'rganildi.*
**Kalit sózlar** : *Qoraqalpoq bolalar adabiyoti, tipologik aloqalar, ilmiy izlanishlar, janr xususiyatlari, o'ynoqi qo'shiqlar.*

## ТИПОЛОГИЯ ДЕТСКИХ ПЕСЕН В ФОЛЬКЛОРЕ

**Аннотация**: *Данная работа посвящена детскому фольклору у тюркских народов, истории его возникновения и типологии. Были изучены особенности детских песен у каракалпакского и узбекского народов.*
**Ключевые слова**: *Каракалпакская детская литература, типологические связи, научные исследования, жанровые особенности, игровые песни.*

## TYPOLOGY OF CHILDREN'S SONGS IN FOLKLORE

**Abstract**: *This work focuses on children's folklore among Turkic peoples, its emergence history, and typology. The features of children's songs among the Karakalpak and Uzbek peoples were studied.*
**Keywords**: *Karakalpak children's literature, typological connections, scientific research, genre features, playful songs.*

## TIPOLOGIYA TERMINI ZATLARDIŃ HÁM QUBILISLARDIŃ HÁR TÚRLI TIPLERI ARASINDAǴI QATNASTI KÓRSETETUǴIN KLASSIFIKACIYA .

**Tipologiyalıq baylanıslar** – siyasiy-jámiyetlik sharayatlardıń uqsaslıǵınan kelip shıqqan hám ádebiyattaǵı birdey zańlılıqlarǵa juwap beretuǵın ádebiy baylanıslar . Ulıwma aytqanda bunday terminniń qosındısı komparativistika delinedi.

Balalar ádebiyatınıń payda bolıw derekleri , evolyuciyalıq basqıshlardı janrlıq ózgesheligi , poetikasına bağdarlanğan ilimiy izertlewler jáhánniń jetekshi ilimiy oraylarında alıp barılmaqta . Qaraqalpaq balalar ádebiyatı bir neshe on jıllıqlar dawamında balalarğa hám jas óspirimlerge arnalğan ádebiyat sıpatında qáliplesti.Onıń payda bolıw deregi sıpatında folklordı kóre alamız . Xalıq qosıqları jas balanıń sana - sezimi , sóylew mádeniyatı rawajlanıwında , ortalıq penen qarım - qatnas jasawında tirek xizmetin qáliplestiredi . Jas óspirimlerdiń pikirlew qábiletin asırıwda áhmiyetli orın iyeleydi. Olarğa : balalar qosıqları , ertekler , jańıltpashlar hár túrli balalardı ziyreklikke shaqırıwshı jumbaqlar kiredi . Olardıń mazmunı túrlishe bolıp, ayırımları didaktikalıq mazmunğa da iye . Ásirese naqıl-maqallar úlkenge húrmet , kishige izzit uqsağan aqıl - násiyat formasında jetkeriledi .

Balalar ádebiyatı dáslep ilim-páni rawajlanğan ellerde payda bola baslağan , kem-kemnen óz aldına ádebiyat bolıp qáliplese basladı . Ádebiyattıń bul jónelisi ásirler dawamında kúshli rawajlanıw dawamıylığı bolmağan , buğan tariyxta bolıp ótken hár túrli tosıqlar tásir etken .

Qaraqalpaq ádebiyatında balalar ádebiyatı boyınsha N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov , Í.Qurbanbaev , Q.Maqsetov ózleriniń ilimiy pikirlerin , koncepciyaların bildirgen , olardı klassifikaciyalağan .

<< Qosıq – balalardıń haqıyqatlıqqa jetisiw hám usı tiykarda payda bolğan emociyalardı sáwlelendiriw forması sıpatında ásirler dawamında balalardıń ózin-ózi estetikalıq hám pedagogikalıq jaqtan tárbiyalaw xızmet atqardı. Qosıq kishkenelerdiń sanasın , sonday-aq dúnyanı qabıllaw qábiletin qáliplestiriwge tásir jasap otırdı . Usı kóz qarastan qarağanda ózbek balalar qosıqları tek ğana sociallıq-estetikalıq qubılıs bolıp qalmastan , tárbiyalıq qubılıstan ózbek xalıq pedagogikasınıń ajıralmas bólegine aylandı >> .

Mine , bul sıpatlama qaraqalpaq balalar qosıqlarına da tán. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı dúnya balalar ádebiyatınıń bir bólegi . Solay eken , qaraqalpaq balalar ádebiyatına ulıwma dúnya balalar ádebiyatı kontekstinde pikir júritken durıs boladı degen pikirdemiz

Q.Ayımbetov bolsa , <<oyın - zawıq jırları balalar oyını bolıp ataladı . Balalar jámáát bolıp oyın oynağanda balalar oyınınıń geybirewi poetikalıq qosıqlar menen aqtqarıladı>> , dep belgileydi .

Balalar ádebiyatı yamasa balalarğa arnalğan basqa shığarmalar oyın menen tığız baylanıslı . Sebebi , balalar hár qıylı oyınlar oynaw menen birinshiden , ózleriniń denesindegi fizikalıq talaptı qanaatlandırsa, ekinshiden , olar usı oyınğa qosıp hár qıylı qosıqlar hám basqa da kórkem shığarmalar úlgilerin atqarıw arqalı oy-órisin rawajlandıradı , basqasha aytqanda ruwxıy talabın qanaatlandıradı .

Kórkem dóretiwshilik penen oyınnıń birge ómir súretuǵını haqqında ádebiyat teoretikleri de teoriyalıq pikirlerin bildirgen .

<< Oyın – bul nátiyje beretuǵın , ózinde qanday da maqsetti alǵa súretuǵın xızmet túri emes . Onda balalarda artıp turatuǵın kúsh hám rux sáwlelenedi ...

XIX-XX ásir oyshılları adamzat ómiriniń baslanıwında oyınlardıń tutatuǵın áhmiyeti haqqında bir neshe márte atap ótken . F.Shiller adam oyınlar oynap ósse ǵana tolıq mánisinda adam bolıp jetilsedi dep tastıyqlaydı . Al , Y.Xeyzengtiń aytıwınsha adamzat mádeniyatı oyın arqalı qaliplesedi . Jazıwshılar hám alımlar kórkem ónerdiń ózi óziniń mazmunı boyınsha oyınnan kelip shıqqan, ol-ózgeshelikke iye bolǵan oyınnıń túri dep dálilleydi>>

Basqa xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaq xalqı da ásirler dawamında bir-birinen ráń-báreń bolǵan balalar oyınların qáliplestirdi hám rawajlandırdı. Olardan : <<Áwelemen -dúwelemen >> , << Tulkishek>>, <<Hákke qayda>>, <<Pállempek>>, << Aq terekpe kók terek >>, << Shaǵala>> , << Ayqulash >>, oyın qosıqları kórkem - estetikalıq jaqtan jetilisken janr bolıp qáliplesti . Bul oyınlar balalarda tek háreketti rawajlandırıw emes , al sóz ónerin rawajlandırıw menen de áhmiyetke iye boldı hám onıń dawamıylıǵın táminledi . Izertlewshiler <<Aq terekpe kók terek >> qosıǵı rus , ózbek , qazaq , tájik ,tatar , qaraqalpaq xalıqları arasında balalarǵa arnalǵan háreketli oyın formasında atqarılıp kelgenligin ilimiy jaqtan dálilleydi .

Ǵ.Jahongirov hám Sh.Galiev <<Aq terekpe , kók terek>> oyınınıń tariyxıy genezisine toqtalıp , onıń qádimgi ruwlıq - qáwimlik dáwiri menen baylanıslı ekenligin aytsa , R.Yagfarov oyınnıń tiykarǵı deregin qádimgi << aǵash>> (terekke) sıyınıwına barıp taqaladı degen pikirdi aytadı .

N.Safarova , <<Aq terek pe , kók terek >> qosıǵınıń peyda bolıw genezisin burınǵı mifologok dúnya kóz qarasına isengen , qádimgi ata-babalarımızdıń terekke sıyınıwın sáwlelendiriwshi túsiniklerge barıp taqaladı – deydi .Aq terek bosıraq , al kúk terek bekkemirek hám shıdamlıraq ekenliginen bolsa kerek . Ekinshiden , adamlardıń aq reńi << Baxıt hám ullılıq>> tımsalı , kók reńdi máńgilik simvolı sıpatindaǵı túsiniklerdiń dálili – deydi .

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR :**

1. Шермуҳамедов П. Проблема становления реалистических принципов в узбекской детской литературе: Автореф. дисс…. доктора филол. наук. – Ташкент, 1978.

2. Сафаров А. Шукур Саъдулла – детский писатель: Автореф. дисс…канд. филол. наук. – Самарканд, 1971.

3. Allambergenov K., Qurbanbaev I., Qazaxbaev S. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı tariyxı. –T. 2022
4. Ayımbetov Q. Xalıq danalıǵı. -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1988.
5. Jaxongirov Ǵ. O'zbek bolalar folklori. –Toshkent: O'qituvchi, 1975.